ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№54 (23.462) ● 2017 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 25, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. Щэнхабзэм и лэжьакІуэм и махуэм хуэгъэза и къуэхъу

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Си гуапэу сынывохъуэхъу фи Іэщ1агъэм ирилажьэхэм я махуэшхуэмкІэ - Щэнхабзэм и лэжьакІуэм и махуэмкІэ.

А махуэр щхьэусыгъуэ хъарзынэщ тхыдэ-щэнхабзэ фІыгъуэшхуэхэр хъумэныгъэ абыхъэм зегъэужьыныгъэ, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэхэщІыкІыгъэ хабзэмрэ егъэфІэкІуэныгъэ Іуэхушхуэ зэфІэзыгъэкІэр, щІыхьэм я зэхэщІыкІыр къэзэтыным зэпымыууэ егупчхэр дигу къэдгъэкІыжын папщІэ. А махуэм дэ псалъэ нэхъ гуапэ дыдэхэмкІэ захудогъаз библиотекхэм, музейхэм, щэнхабзэ унэхэм, къуажэ клубхэм я лэжьакІуэхэм, ди гъуэгуанэ тхыдэ изыхьазхэм. Си гуапэу фІыщІэ фхуэзощІ фыкъэмыпэнджэжу фи Іэнатіэм фызэзгъпэрытым, къыхэфха Іуэхум фызэрыхуэпжым папщІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр лІэщІыгъуэ бжыгъэкІэ зэтеуващ икІи абы ныбжьэщІыбжьэ и хабзэ хьэлэмэтхэмрэ екъуІэныгъэхэмрэ. Ар лъэпкъым и ІуэгъуэфІыгъуэщ икІи абы къыхощ цІыхум хуэгъэза лъагъуныгъэр - ди жылагъуэм адэкІи зегъэужьыныгъэ щІыблэр гъэсэныжкІэ лъабжьэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыр. Щэч къытехьэркъым фи Іэщ1агъэм фызэрыхуэІэкІуэпсакІуэр, зэфІэкІрэ егупчыгъэрэ зэрыфхэпльр лъэпкъхэм я зэхэщІыкІыр нэхъри къэІэтыныжкІэ дяпэкІи сэбэп зэрыхъуным.

Узынщагъэ быдэ фиІэну, фи Іуэхур сыткІи ефІэкІуэну, Къэбэрдей-Балъкъэрым, зэрыщыту ди Хэкум я фІыгъуэм хуэгъэза творческэ екъуІэныгъэщІэхэр къэфхыныу си гуапэу сынывохъуэхъу.

КІУЭКІУЭ Юрий,
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал наградэхэр тыным и Іуэхуі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Щэнхабзэмрэ гъуэжджэмрэ зегъэужьыным къаруушуэ зэрырахьэлІам икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщІэ цІэ лъапІэхэр яфІощ1ы

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и артист» цІэр

Жашуев Башир Михаил и къуэм - «Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм щэнхабзэмкІэ и управленэ» муниципальнэ кІэзонэ Іуэхущ1апІэм и Іэщ1агъэлІ нэхъыщхьэм

Къущъэ Аслъэн ПІатІэ и къуэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармоние» къэрал кІэзонэ щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм и симфоническэ оркестрым и артистым

Текуевэ Раузат Маха и пхъум - «Кулиев Къайсын и цІэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театр» къэрал кІэзонэ щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм драмэмкІэ и артист пажэм

Хьэмырзэ Ахьмэд Сэрэбий и къуэм - «Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театр» къэрал кІэзонэ щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм драмэмкІэ и артист пажэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъуэжджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэр

Къуэжь Мадинэ Анзор и пхъум - «Кавказ Ищхьэрэм ГъуэжджэхэмкІэ и къэрал институт» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрат федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм цІыхубэ ІэмэпсымэхэмкІэ и кафедрэм и доцентым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и журналист» цІэр

Пачаджи Андрей Виктор и къуэм - «Налшык» жылагъуэ радиотелекомпанэ акционер зэгухьэныгъэ зэІухам монтажькІэ и режиссёрым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэр

Къардэн Марзэбэч Мышэ и къуэм - Лэскэн муниципальнэ районым и «Уэздрэдж уажэм Щэнхабзэмкі и унэ» муниципальнэ кІэзонэ щэнхабзэ Іуэхущ1апІэм «Дэ дытэрч къэзакъщ» пасэрей къэзакъ уэрэдымкІэ и хорым и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 22-м
№40-УГ

«Ростех» къэрал корпорацэм и генеральнэ директор Чемезов С. В. Москва щыхуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А.

Республикэм и унафэщІым «Ростех» корпорацэм и тхьэмадэм фІыщІэ хуищ1ащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэ зыужьыныгъэр, промышленностым, технологие льагъэхэм, инновацэхэм ехьэлІауэ ягъэхьэзыра инвестицэ проектхэр зэщІыгъуу гъэззащІэным япыща Іуэхуэр дгъэкІыным езыр я щхьэкІэ зэрыхэтым папщІэ.

Здэлэжьэныгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщ Тырныауз вольфрам-молибден руда хьэлэмыжь абы и сырьем елэжьыным. Мы псалэныр гъэззащІа зэрыхъум пыщІащ машинэ зыщІ Іэнатіэмрэ зыхъумэжьныгъэмкІэ промышленнэ комплексымрэ я продукцэр егъэфІэкІуэныр.

Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. властым и федеральнэ органхэм я пщэ зэрырилъхьам тету мы зэманым ягъэхьэзырац проектхэр гъэззащІэныжмкІэ, абы пыщІа къэрал дэІепыкъуныгъэ къызэгъэпэщыныжмкІэ зэфІэгъэкІын хуейуэ къалъытэхэр.

ЗэІущІэм зэрыщыжаІамкІэ, руда къыщІэхъуІэр егъэжьжьыным стратегие мыхьэнэ зэриІэм къыдэкІуэу, ар сэбэп хъунущ зэрыщыту щІыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэпІэзэрыту зэтегъэувэныжкІэ.

ЗэІущІэм апхуэдэу щыхэпльащ зэщІыгъуу зэлэжьыну адрей проектхэми яхуэгъэза Іуэхуэхэм.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Тэтэрстан Республикэм и Президент Минниханов Рустам Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий къыхуэзащ. ЗэІущІэр щекІуэкІащ Тэтэрстан Республикэм и Президентым и хэщІапІэу Къазан и Кремлым дэтым

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ щІыналъэ-тІым яку дэлъ сату-экономикэ зэпыщІэныгъэхэм зегъэужьыным, гуманитар Іэнатіэм зэрыщыздэлажьэр егъэфІэкІуэным, зэщІыгъуу ягъэзащІэфыну проектхэр убзыхуным.

ТЭТЭРСТАНЫМ и къалащхьэм щыщыІам КІуэкІуэ Ю. А. хуэзащ «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Совет нэхъыщхьэм и Унафэщ1 Грызлов Борис.

КІуэкІуэ Юрий зэрэмахуэ пщэдджыжьым Къазан кІуащ «Урысей зэкъуэт» партымрэ Китайм и Коммунист партымрэ я зэдзэлэжьныгъэм хиубыдэу къызэрагъэпэща урысей-китай зэхуэмыдэу, лъэныкъуитІми я сэбэп хэлъу зэдзэлажьэным хуэгъэзауэ Урысей Федерацэмрэ Китай ЦІыхубэ Республикэмрэ я унафэщІхэр емызэщІыжу зэрылажьэр», - жиІащ республикэм и Унафэщым.

Иджырей зэман мытынышм стратегие зэдзэлажьэныгъэм и Іыхьэ нэхъыщхьэхэм ящыщ мэхъу, къыгъэлъэгъуащ КІуэкІуэ Юрий, промышленностым, технологие лъагъэмрэ инновацэхэмрэ я Іэнатіэм хиубыдэ инвестицэ проектхэр зэщІыгъуу гъэззащІэныр.

Урысейм дунейпсо утыкум щыригъэжьхэу иджырей политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэм тету мы Іуэхум жыджэру къыхохьэ Урысей Федерацэм и субъектхэрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым щагъэзащІэ «Этана» промышленнэм комплекс къызэгъэпэщыным хуэгъэза урысей-китай инвестицэ проектыр.

Проектыр утыку къыщырахьауэ щытащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым зегъэужьыныжмкІэ стратегием щытепсэлъыхьын папщІэ «Урысей зэкъуэтым» 2010 гъэм къызэригъэпэща щІыналъэ конференцым икІи ар ядиІыгъащ а зэманым партым и пашэу щыта Путин В. В.

«Ерыскъы промышленностымрэ текстильнэ промышленностымрэ къыщагъэсэбэпын полиэтилентерефталат тонн мин щитхум нэблагъэ илъэсым къыщІэзыгъэкІыну завод щыныр» цІэр иІэу а щІыналъэ инвестицэ проектым и паспортыр Урысей Федерацэм и Правительствэм и унафэкІэ къащтащ. Проектыр гъэззащІэным ахъшэ пыухыкІа хухахащ, абы Урысей Федерацэм и Инвестицэ фондымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетымрэ я ахъши хэлъу икІи абыхэм я хьэкъкІэ инфраструктурэм и япэ Іыхьэр къызэрагъэпэщащ.

Ди щІыналъэм ипэжьитІкІэ хуэзфІэкІыныгъэр къэлъытауэ проектым щелэжьыжьым унафэ къащтауэ щытащ предприятэм и лъэщагъэм хэгъэхъуэным, апхуэдэу абы къыщІигъэкІ продукцэ лІэужьыгъуэхэр нэхъыбэ щІыным хуэгъэзауэ. А мурадхэр къыдэхъулІэн папщІэ 2015 гъэм дэ Китайм и щІыдагъэ-гъэ корпорацэм дыгурыІуащ республикэм и щІыналъэм мы проектыр щІыгъэззащІэныжмкІэ къыщыддэлажьэну икІи а проектым трагъэкІуэдэн папщІэ къыхилъхьэ инвестицэхэр нэхъыбэ ищІыну. Мы проектыр Китайм и Коммунист партым и унафэщІхэм къыдадаІыгъащ.

Нобэ щэч лъэпкъ къытедмыкъэжу жьытІэ хъунущ, къыхиигъэщхьэхуКІащ КІуэкІуэ Юрий, ди щІыналъэм и дежкІэ нэхъ ин дыдэу щыт а проектыр «Урысей зэкъуэт» партымрэ Китайм и Коммунист партымрэ зэщІыгъуу къыззэрызэрагъэпэщар. Абыхэм я жэрдэмкІэ Китайм и къэрал корпораціэ нэхъ инхэм ящыщу тІум дэ зэгурыІуныгъэ щетщІыІлащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщІ Медведев Дмитрий, Китай ЦІыхубэ Республикэм и Къэрал советым и Премьер Кэцян Ли сымэ гъэ къэс зэрызэхуэзэм хиубыдэу нэгъабэ и щэкІуэгъуэ маззм Санктпетербург къалэм къыщыщызэрагъэпэща зэІущІэм.

Ди лэжьэгъуэхэм драгъусэу Іуэху псори щыдгъэзэжмэм дэ зэпымыууэ зыхэтщІащ Урысей Федерацэм и Правительствэм, Китай ЦІыхубэ Республикэм и Къэрал советым, къэралитІым я министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм я гупльитэр. КъБР-м и Іэтащхьэм хэхауэ къыгъэлъэгъащ Китай ЦІыхубэ Республикэм и Энергетикэ управленэ нэхъыщхьэм лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкІуэкІар.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● КъБР-м и Правительствэм

Унафэхэр къызэдащтэ

КъБР-м и Правительствэм и зи чэзу зэІущІэ вэсэмахуэ иригъэкІуэкІащ абы и Унафэщ1 Мусуков Алий.

ЗэІущІэм щыхэплъащ унафэ 35-м я проектхэм. Нэхъ къыхэгъэщіпхъэхэм ящыщщ КъБР-м и къэрал мылъкум кІыхэкІыу, Аруан куейм сом мелуан 13 и уасэ щІы метр зэбгъуэзнатІэу 711-рэ зэрыратыр. А унафэм и проектым тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІымрэ мылъкумрэ я Іуэхуэхмкіэ и министр **Уэщхъун Тимур**.

КъБР-м лэжьыгъэмкІэ, цІыхухэр Іэнатіэхэмкіэ къызэгъэпэщыныфэ социальнэ дэІепыкъуныгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт** и гугъу ищІащ гъатхэпэм и 25-м ирагъэкІуэкІыну щэбэт щІыхьэхум. Министрым къызэрыхигъэщамкІэ, абы къыхэкІыну ахъшэм щыщыу дэтхэнэми сом мин 20 хуэзэу иратынущ Хэку заузшхуэм и ветеранхэмрэ заузм хэтахэм я фызабэхэмрэ, кьанэр ветеранхэм я псэупІэхэр зыхуей хуэгъэзэным трагъэкІуэдэнущ. Ди республикэм щопсэу ветеран 235-рэ фызабэ 17-рэ. Апхуэдэу Тюбеевым тепсэлъыхьащ зи зэшнагъэм сэкъат иІэ, ауэ лэжьэфыну щІыхуэхэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэща зэрыхъунум теухуауэ кьыхалъхьа унафэхэм. Нобэкіэ зи узынщагъэм сэкъат иІэу лэжьапІэ Іут щІыхуэхэм я бжыгъэр 5841-рэ мэхъу (республикэм ныкъуэдыкъуэу исым и процент 24-рэ).

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ министр **Емуз Нинэ** и гугъу ищІащ республикэм сабий ныкъуэдыкъуэхэр гъэсапІэхэмрэ курыт еджапІэхэмрэ тыншу щІыпфын папщІэ зыхуеинуэр кьахуэзгъэпэщыным, щІэныгъэ гуэдзэн зэрыратыр ирагъэфІэкІуэным трагъэкІуэдэну сом мелуани 8,522-рэ мы гъэм зэрапІэнур. Абы щыщу сом мелуани 7-рэ мин 840-р федеральнэ бюджетым къыхокІ.

Апхуэдэу Емузыр тепсэлъыхьащ ЕГЭ-м. Абы зэрыжиІамкІэ, мы гъэми курыт еджапІэр кьэзыухухэм я щІэныгъэр а жыпІхъэм тетущ къызэрапщітэнур.

КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр **Къунижь Вячеслав** къыщіпсалъэм къызэрыхигъэщамкІэ, къалэхэмрэ зыгъэпсэхупІэхэмрэ зыхуей хуагъэзэн папщІэ республикэ бюджетым къыхэкІыу Бахъсэнрэ Прохладнэрэ дэтхэнэми сом мелуани 3,4-рэ хуэзэу, Тэрчрэ Тырныауэрэ сом мелуан 1,2-рэ хуэзэу иратащ.

Комсомольр илъэси 100 зэрырикъум, апхуэдэу РСФСР-мрэ КъБАССР-мрэ я цІыхубэ артист ТІыхъужь Алийрэ, РСФСР-м и цІыхубэ, КъБАССР-м щІыхь зиІэ я артистка Дыщэкі КІунэрэ къызэралъхурэ илъэси 100 зэрырикъур ягъэлъапІэныр къызэзыгъэпэщыну гупыр ягъэбелджылащ.

ЗэІущІэм къыщыхалъха проектхэм я унафэхэр зэдзэрэзыуэ къызэдащтащ.

ФЫРЭ Анфисэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Къэзан щекІуэкІ урысей-китай зэхыхьэшхуэм къыщыпсэлъащ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий къыщыпсэлъащ «Урысей зэкъуэт» партымрэ Китайм и Коммунист партымрэ я зэдзэлэжьныгъэм хиубыдэу Тэтэрстаным и къалащхьэм къыщызэрагъэпэща урысей-китай зэхыхьэшхуэм.

«ИУЖьРЕЙ илъэсхэм дэ псоми ди нэгу щІокІ ди къэралхэм яку дэлъ зэныбжьэгъуГэр гъэбыдэным, лъэныкъуитІми я сэбэп хэлъу зэдзэлажьэным хуэгъэзауэ Урысей Федерацэмрэ Китай ЦІыхубэ Республикэмрэ я унафэщІхэр емызэщІыжу зэрылажьэр», - жиІащ республикэм и Унафэщым.

Иджырей зэман мытынышм стратегие зэдзэлажьэныгъэм и Іыхьэ нэхъыщхьэхэм ящыщ мэхъу, къыгъэлъэгъуащ КІуэкІуэ Юрий, промышленностым, технологие лъагъэмрэ инновацэхэмрэ я Іэнатіэм хиубыдэ инвестицэ проектхэр зэщІыгъуу гъэззащІэныр.

Урысейм дунейпсо утыкум щыригъэжьхэу иджырей политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэм тету мы Іуэхум жыджэру къыхохьэ Урысей Федерацэм и субъектхэрэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым щагъэзащІэ «Этана» промышленнэм комплекс къызэгъэпэщыным хуэгъэза урысей-китай инвестицэ проектыр.

Проектыр утыку къыщырахьауэ щытащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым зегъэужьыныжмкІэ стратегием щытепсэлъыхьын папщІэ «Урысей зэкъуэтым» 2010 гъэм къызэригъэпэща щІыналъэ конференцым икІи ар ядиІыгъащ а зэманым партым и пашэу щыта Путин В. В.

«Ерыскъы промышленностымрэ текстильнэ промышленностымрэ къыщагъэсэбэпын полиэтилентерефталат тонн мин щитхум нэблагъэ илъэсым къыщІэзыгъэкІыну завод щыныр» цІэр иІэу а щІыналъэ инвестицэ проектым и паспортыр Урысей Федерацэм и Правительствэм и унафэкІэ къащтащ. Проектыр гъэззащІэным ахъшэ пыухыкІа хухахащ, абы Урысей Федерацэм и Инвестицэ фондымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетымрэ я ахъши хэлъу икІи абыхэм я хьэкъкІэ инфраструктурэм и япэ Іыхьэр къызэрагъэпэщащ.

Ди щІыналъэм ипэжьитІкІэ хуэзфІэкІыныгъэр къэлъытауэ проектым щелэжьыжьым унафэ къащтауэ щытащ предприятэм и лъэщагъэм хэгъэхъуэным, апхуэдэу абы къыщІигъэкІ продукцэ лІэужьыгъуэхэр нэхъыбэ щІыным хуэгъэзауэ. А мурадхэр къыдэхъулІэн папщІэ 2015 гъэм дэ Китайм и щІыдагъэ-гъэ корпорацэм дыгурыІуащ республикэм и щІыналъэм мы проектыр щІыгъэззащІэныжмкІэ къыщыддэлажьэну икІи а проектым трагъэкІуэдэн папщІэ къыхилъхьэ инвестицэхэр нэхъыбэ ищІыну. Мы проектыр Китайм и Коммунист партым и унафэщІхэм къыдадаІыгъащ.

Нобэ щэч лъэпкъ къытедмыкъэжу жьытІэ хъунущ, къыхиигъэщхьэхуКІащ КІуэкІуэ Юрий, ди щІыналъэм и дежкІэ нэхъ ин дыдэу щыт а проектыр «Урысей зэкъуэт» партымрэ Китайм и Коммунист партымрэ зэщІыгъуу къыззэрызэрагъэпэщар. Абыхэм я жэрдэмкІэ Китайм и къэрал корпораціэ нэхъ инхэм ящыщу тІум дэ зэгурыІуныгъэ щетщІыІлащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1 Медведев Дмитрий, Китай ЦІыхубэ Республикэм и Къэрал советым и Премьер Кэцян Ли сымэ гъэ къэс зэрызэхуэзэм хиубыдэу нэгъабэ и щэкІуэгъуэ маззм Санктпетербург къалэм къыщыщызэрагъэпэща зэІущІэм.

Ди лэжьэгъуэхэм драгъусэу Іуэху псори щыдгъэзэжмэм дэ зэпымыууэ зыхэтщІащ Урысей Федерацэм и Правительствэм, Китай ЦІыхубэ Республикэм и Къэрал советым, къэралитІым я министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм я гупльитэр. КъБР-м и Іэтащхьэм хэхауэ къыгъэлъэгъащ Китай ЦІыхубэ Республикэм и Энергетикэ управленэ нэхъыщхьэм лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкІуэкІар.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● Банк Іуэху

Ипотекэм техьэ процентыр егъэмащІэ

«Урысейм и Мэкъумэщ банкым» псэупІэ ипотекэм техьэ процентхэр иригъэхащ. Иджы фэтэрыр е щІы зи гъусэ унэр къэзыщІэхунэхэм ипотекэр илъэсым хуэзэу проценти 10,75-рэ фІэкІа темыхьэу банкым къритынущ.

КЪЩЫНЭМЫЩІАУЭ, мардэ щхьэхуэм тету «Дэфтэритікіэ ят ипотекэр» программэм хьэхуэ банкым щІыхуэхэм щІыхуэ яритыфынущ. Абы щыгъуэм ипотекэ щІыхуэм илъэсым къриубыдэу техьэнчэ процент 11,05-рэщ.

Ику иту кредитым техьэр процентым и 0,75 - 1,25-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ.

Іуэхутхьэбзэм нэхъ зэпкърыхауэ щыгъуазэ зыщыхуэпщІ хъунущ «Урысейм и мэкъумэш банк» ОА-м и официальнэ сайтым www.rshb.ru

Урысей Федерацэм и мэкъумэш-промышленнэ Іэнатіэм епха Іуэхущ1апІэхэм кредит-финанс Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэныжмкІэ лъабжьэ быдзщ «Урысейм и Мэкъумэш банк» АО-р. Ар къыхэзрагъэпэщащ 2000 гъэм икІи нобэ ялытэ АПК-м и кредитор нэхъыщхьэу. «Урысейм и Мэкъумэш банкыр» ди къэралым щылажьэхэм ящыщу нэхъ лъащхьэ, зи Іуэхуэр зэпІэзэрытхэм, мылъку хъарзынэ зыбгъэдэлъ нэхъ банкышхуэхэм хабжэ. Абы и акцэхэм я проценти 100-рэ къэрал мылъкущ.

КЪЭХЪУН Бэч.

● ДАХ

Лъэпкъхэм я зэхущытыкІэр ефІэкІуэн папщІэ

Дыгъуасэ Налшык къалэ щекІуэкІащ «Лъэпкъ, щэнхабзэ зэхущытыкІэхэр ефІэкІуэным теухуауэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я мыхьэнэр» етІуанэ щІэныгъэ-практикэ конференц. Ар Дунейпсо Адыгэ Хасэм къызэригъэпэщащ.

ЗэІущІэр къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ ДАХ-м и президент **Сэхъурокъуэ Хьэутий**. Абы хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм щІыналъэ политикэмкІэ и управленэм и унафэщІ **Къуэжей Артём**, къулыкъущІэхэр, унафэщІхэр, Жылагъуэ палатэм, Щ1алэгъуалэ палатэм, КъБКъУ-м, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, лъэпкъ щэнхабзэ Іуэхущ1апІэхэм я лІыкІуэхэр, щІэныгъэлІхэр, студентхэр.

Конференцым щытепсэлъыхьащ лъэпкъхэм я зэхущытыкІэр ефІэкІуэн, щІалэгъуалэр зэрыІыгъын папщІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм. КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и лІыкІуэ **Маслов Николай**, КъБКъУ-м этнологиемрэ тхыдэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ **ТекІуий Мадинэ**, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и лэжьакІуэ **Аккиевэ Светланэ**, КъБР-м и ис МусПъымэнхэм я Іуэхущ1апІэм и унафэщІ **Дзасэжь Въэрэталий** сымэ къэпсэлъащ абы теухуауэ.

Конференцым къигъэлъэгъащ щІыхуэхэр я хуитыныгъэхэмкІэ зэрызэхуэдэр щІалэгъуалэм кьагурыгъэІуэн зэрыхуейр, лъэпкъ зэхэгъэжым, зэгурыІуныгъэм фІы къызэримышэр.

- Дызэкъуэзыгъэувэнщ къэтпъыхьуэн хуейр. Сыт хуэдэ лъэпкъми ар лъэпкъ зыщІыж бзэ, хабзэ, хьэл-щэн иІэщ, Кавказ Ищхьэрэр щІэдахэри зыгъэдахэри аращ. Дэтхэнэ зыми жэуап дохь ди къэкІуэнумкІэ. Нобэ дызэгурыІуэмэ, ар ди щІэблэм къэфыкІыжынущ. Дэ псори дызэхуэдэщи, дызэкъуэтыпхъэщ. Мис ар къыдгурыІуэмэ, ди Іуэхуэри дэкІынущ, - жиІащ Сэхъурокъуэм.

ЗэІущІэм хэтахэм КъБР-м и Іэтащхьэм фІыщІэ хуащІащ папщІэ я зэхуаку дэлъыным хуэгъэзауэ иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм папщІэ.

ФЫРЭ Анфисэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Гектар мин 245,5-рэ хухах

● АПК

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хозяйствэ лІэужьыгъуэ псоми мы гъэм хьэцэпэцэр гектар мин 62-м щызэрахьэнущ. Абыхэм ящыщу гектар мин 60-м щІигъур гъавапхъэщ. Мы зэманым хьэсэхэм йолажь. Нобэ ирихьэлІэу гектар минищым нэблагъэ ягъэпшэращ, гектар миниплІым хьэпІащІэхэмрэ узхэмрэ зэребэн хущхъуэхэр халъхьащ.

РЕСПУБЛИКЭМ и тафэтес щІыпІэхэм гъатхэсэм щыщІадзащ. Мы гъэм къэкІыгъэ пасэхэм гектар мин 245,5-рэ хухахынущ. Ар илъэс кІуам елъытауэ процентихкІэ нэхъыбэщ. Бжыгъэкіэ къэбгъэлъагъуэмэ, джэшхэкІхэр гектар мини 165-м, сэхураныр - мин 22,3-м, кІэртІофымрэ хадзэкІхэмрэ - мин 34-м, мэкъумылапхъэхэр - мин 16,4-м, нэгъуэщІ къэкІыгъэхэр гектар мини 7,8-м щыхасэнущ. Гъатхасэм пыщІа лэжьыгъэ псори накьыгъэм и 10-м ирихьэлІэу яухыну я мурадщ.

Урысейм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и центрым и щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Блий Станислав къызэригъэлъэгъамкІэ, фІагъышхуэ зиІэ жылапхъэ зэмылІэужьыгъуэу тонн мин 16,8-м нэблагъэ яІэщ. Ар республикэр зыхуейм куэдкІэ щІегъу. Урысейм и адрей щІыналъэхэмрэ нэгъуэщІ къэралхэмрэ республикэм жылапхъэкІэ къызэрегъэпэщ. Псалъэм папщІэ, япэ къытепщыкІыгъуэ нартыхуу гибрид жылапхъэм хуэдэу тонн мин 12-м щІигъу нэгъабэ абыхэм яхуригъэшащ. Дунейпсо пщалъэм къитІасэ апхуэдэ жылапхъэу тонн мин 13-м нэблагъэ Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм, Беларусь Республикэмрэ Иранымрэ мы гъэм яхуиутІыпщынущ.

Жылапхъэхэм я рынокым Къэбэрдей-Балъкъэрым хуэфащэ увыпІэ щиубыдын щхьэкІэ «Отбор» инновацэ производственнэ агропредприятэмрэ «Ипщэ-сервис» ООО-мрэ зыхуэфащэ инвестицэ проектхэр щагъэзащІэ. Ахэр я лъабжьэу, мурад пыухыкІам тету селекцэм щелэжьыну, жылапхъэхэр кьыщагъэкІыну центрхэр къызэрагъэпэщынущ.

АРУАН Алий.

● Гу зылъытапхъэ

«Адыгэ псалъэм» Іэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфІхэ!

Илъэс ныкъуэм ныфхуахьыну ди газетым Іэ щІэбэдзыну фыхунэмысамэ, иджыри Іэмал фиІэщ ар вгъэзэкІуэжьыну.

Мазищым ди газетым и уасэр сом 327-рэ кІэпІейкІэ 99-рэщ.

Ди индексыр 51531

● Футбол

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкІэ и япэ дивизион ТІощІрэ ёнэ джэгуГуэ
«Спартак-Налшык» - «Волгарь» (Астрахань)
Налшык. «Спартак» стадион.
Гъатхэпэм и 26-м.
Сыхьэт 17-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Къэзан щекІуэкІ урысей-китай зэхыхьэшхуэм къыщыпсэлъащ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

ЗэгурыІуэныгъэм Іэ щІадзыным и пэ кьихуэу ар куэдрэ ягъахьэзыращ. Китай ЦІыхубэ Республикэм и Іэухузехьэ гупхэм я лІыкІуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым куэдрэ къэкІуащ икІи проектыр гъэзэщІэным пыщІа Іэухуэхр лэжьыгъэхэр щдгъэкІуэкІыну щІыпІэм щдгъэбелджылащ. Китайм и лІыкІуэхэм республикэм Іэмал хъарзынэхэр зэрыщыІэм и мызакъуэу, иужьрей илъэсхэм мыбы жылагъуэ-политикэ зэпІэзэрыпныгъэ нэсрэ шынагъуэншагъэрэ зэрыщыізэтеувар ялъэгъуащ.

Инвестицэ проектыр зыхуэунэтІа мурадыр абджхэм игъэхъуа псы кьабзэу гъэ кьэс тонн мелуан 60-м нэблагъэ 2030 гъэм нэсыху кьыщІэгъэкІыныращ. Промышленнэ комплексыр Іыхьищу гуэшащ. Абы хеубыдэ псы кьабзэр кьыщІэшынкр, зыхуэй хуэгъэзэнкр, абджхэм игъэхъуэныр; полиметаллыр; логистикэр.

2030 гъэм нэсыху кьагъэсэбэпыну ахъшэр США-м и доллар мелард 12-м щІегъу. Проектым и финанс лъэныкъуэр тэмэму уфэныным хэтщ Китайм и Экспорт-импорт банкымрэ Китайм ЗыужьыныгъэмкІэ и банкымрэ.

Комплексыр щащІыну, лажьэу щаутІыпщыну пІалъэхэр яубзыхуащ. Полиэтилентерефталат тонн мин 500 кьыщІэзыгъэкІ комплексыр 2018 гъэм лажьэу хуежьэнущ, щыкІэлъыкІуэ илъэсхэм зэкІэмкІэ апхуэдизу дыдэ зи лъэщагъ комплекситі хьэзыр яущынущ. Апхуэдизырэ 2030 гъэм ирихьэлІэу а сырье лІэужьыгъуэм и куэдагъыр илъэсым тонн мелуани 6-м нагъэсынущ. Мы проектыр зэрагъэзэщІэнум и фІыщІэкІэ республикэм Іэмал игъуэтынущ ди деж зэи щамыгъэхьэзыра продукцэ ІэужьыгъуэщІэхэр кьыщІэгъэкІыныр зэтрихьэлъэгъуэнрэ, рудам щымыщ хъуГъуэфІыгъуэхэр кьыщІэхьным зиритыну, ухуэныгъэм ирахьэлІэ материалхэр кьыщІэзыгъэкІ промышленностым зригъэужьыну, валовэ щІыналъэ продуктым нэрылъагъуу хигъэхъуэну.

Республикэм и мызакъуэу, «Этана» промышленнэ комплексыр кьыззрызэрагъэпэщым Урысей Илъэсыр, зэрыщыкІуэ зыхуэ ящІыну, зэрыщыкІуэ зэрыщІэзэтеувар ялъэгъуащ.

Инвестицэ проектыр зыхуэунэтІа мурадыр абджхэм игъэхъуа псы кьабзэу гъэ кьэс тонн мелуан 60-м нэблагъэ 2030 гъэм нэсыху кьыщІэгъэкІыныращ. Промышленнэ комплексыр Іыхьищу гуэшащ. Абы хеубыдэ псы кьабзэр кьыщІэшынкр, зыхуэй хуэгъэзэнкр, абджхэм игъэхъуэныр; полиметаллыр; логистикэр.

2030 гъэм нэсыху кьагъэсэбэпыну ахъшэр США-м и доллар мелард 12-м щІегъу. Проектым и финанс лъэныкъуэр тэмэму уфэныным хэтщ Китайм и Экспорт-импорт банкымрэ Китайм ЗыужьыныгъэмкІэ и банкымрэ.

Комплексыр щащІыну, лажьэу щаутІыпщыну пІалъэхэр яубзыхуащ. Полиэтилентерефталат тонн мин 500 кьыщІэзыгъэкІ комплексыр 2018 гъэм лажьэу хуежьэнущ, щыкІэлъыкІуэ илъэсхэм зэкІэмкІэ апхуэдизу дыдэ зи лъэщагъ комплекситі хьэзыр ящІынущ. Апхуэдизырэ 2030 гъэм ирихьэлІэу а сырье лІэужьыгъуэм и куэдагъыр илъэсым тонн мелуани 6-м нагъэсынущ. Мы проектыр зэрагъэзэщІэнум и фІыщІэкІэ республикэм Іэмал игъуэтынущ ди деж зэи щамыгъэхьэзыра продукцэ ІэужьыгъуэщІэхэр кьыщІэгъэкІыныр зэтрихьэлъэгъуэнрэ, рудам щымыщ хъуГъуэфІыгъуэхэр кьыщІэхьным зиритыну, ухуэныгъэм ирахьэлІэ материалхэр кьыщІэзыгъэкІ промышленностым зригъэужьыну, валовэ щІыналъэ продуктым нэрылъагъуу хигъэхъуэну.

Республикэм и мызакъуэу, «Этана» промышленнэ комплексыр кьыззрызэрагъэпэщым Урысей Илъэсыр, зэрыщыкІуэ зыхуэ ящІыну, зэрыщыкІуэ зэрыщІэзэтеувар ялъэгъуащ. Абы хеубыдэ псы кьабзэр кьыщІэшынкр, зыхуэй хуэгъэзэнкр, абджхэм игъэхъуэныр; полиметаллыр; логистикэр.

2030 гъэм нэсыху кьагъэсэбэпыну ахъшэр США-м и доллар мелард 12-м щІегъу. Проектым и финанс лъэныкъуэр тэмэму уфэныным хэтщ Китайм и Экспорт-импорт банкымрэ Китайм ЗыужьыныгъэмкІэ и банкымрэ.

Комплексыр щащІыну, лажьэу щаутІыпщыну пІалъэхэр яубзыхуащ. Полиэтилентерефталат тонн мин 500 кьыщІэзыгъэкІ комплексыр 2018 гъэм лажьэу хуежьэнущ, щыкІэлъыкІуэ илъэсхэм зэкІэмкІэ апхуэдизу дыдэ зи лъэщагъ комплекситі хьэзыр ящІынущ. Апхуэдизырэ 2030 гъэм ирихьэлІэу а сырье лІэужьыгъуэм и куэдагъыр илъэсым тонн мелуани 6-м нагъэсынущ. Мы проектыр зэрагъэзэщІэнум и фІыщІэкІэ республикэм Іэмал игъуэтынущ ди деж зэи щамыгъэхьэзыра продукцэ ІэужьыгъуэщІэхэр кьыщІэгъэкІыныр зэтрихьэлъэгъуэнрэ, рудам щымыщ хъуГъуэфІыгъуэхэр кьыщІэхьным зиритыну, ухуэныгъэм ирахьэлІэ материалхэр кьыщІэзыгъэкІ промышленностым зригъэужьыну, валовэ щІыналъэ продуктым нэрылъагъуу хигъэхъуэну.

Республикэм и мызакъуэу, «Этана» промышленнэ комплексыр кьыззрызэрагъэпэщым Урысей Илъэсыр, зэрыщыкІуэ зыхуэ ящІыну, зэрыщыкІуэ зэрыщІэзэтеувар ялъэгъуащ.

Инвестицэ проектыр зыхуэунэтІа мурадыр абджхэм игъэхъуа псы кьабзэу гъэ кьэс тонн мелуан 60-м нэблагъэ 2030 гъэм нэсыху кьыщІэгъэкІыныр. Промышленнэ комплексыр Іыхьищу гуэш

Лъэпкъ щэнхабзэм и вагъуэхэр

Темыркъан Юрий - *дирижёр, СССР-м и цIыхубз артист, СССР-м, РСФСР-м я Къэрал саугъэтхэм я лауреат*

Гъэсашэ Наталье - *уэрэджыIакIуэ, УФ-м и цIыхубз артисткэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат*

Къардэн Хьэсэн - *композитор, УФ-м и цIыхубз артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат*

ЖьакIэмыхъу КIунэ - *актрисэ, Урысей Федерацым щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат*

Бещтокъуэ Хьэбас - *КъБР-м и цIыхубз усакIуэ*

Къэзан Сэтэней - *КъБР-м, АР-м, КъШР-м щIыхь зиIэ я артисткэ*

Хъупсырджэн Албэч - *оперэ уэрэджыIакIуэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артист*

Илъэс къэс гъатхэпэм и 25-м УФ-м щагъэлъапIэ Щэнхабзэм и лэжьакIуэм и махуэр. 2007 гъэм и шыщхьэмIу маззм къэралым и Президент Путин Владимир абы теухуа унафэм Iэ щIидзауэ щыташ. А махуэр убзыхуныр и жэрдэмт УФ-м щэнхабзэмкIэ и министр Соколов Александр. Абы и къэпсэлъэныгъэм къызэрыхигъэщамкIэ, гъатхэпэм и 25-м ди къэралым и хэгъуэгу куэдым щэнхабзэм и лэжьакIуэм и махуэр щагъэлъапIэнми, псоми зэдайуэ зы пIалъэ пыухыкIа ямыIэу къекIуэкIырт.

ЦIыхур къызэригъэщIрэ щэнхабзэм хуеIэу, абы и курыхьр и пльапIэу зэрыщытым и фIыгъэщ иджырей лъагапIэхэр щIызыIэригъэхьэфар.

А Iэнатlэ мытынышм пэрыт дэтхэнэми и къалэныр инщ. Ар къызэрыгъэкI цIыхум имыльагъур зыхэзыщIэщ, игу къэмыкI гупсысэм лъэIэсыфщ. Араща цIыху гъащIэр щIэщыгъуэ, хьэлэмэт зыщIыр, къызэрыгуэкI махуэр хэзыIэтыкIыфыр.

Щэнхабзэр къыгуэхыпIэ имыIэу зэпхар цIыхум и творчествэм и закъуэкъым, атIэ ар махуэ къэси ди гъащIэм хэтщ. ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, щэнхабзэр цIыхум къыхуэзыгъэщI дахагъэ гуэрщ, гум екIуэлIэжрэ псэр зыгъэнш, гушхуэныгъэ къыпхэзылъхьэ къару абрагъуэщ.

УщымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым щэнхабзэм и лэжьакIуэ пэрытхэр дызэриIэм. Абыхэм ящыщ зыбжанэм нобэ ди гуапэу я гугъу фхуэтщIыну дыхуейт.

КIЭХУМАХУЭ ФатIимэ: Гъащ Iэр фIыуэ солъагъу

Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и лэжьакIуэ пажэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артисткэ КIэхумахуэ ФатIимэ сценэм зэритрэ илъэс 25-м щIигъуами, и зэфIэкIым нэхъри хэхъуэ зэпытщ. Я къуэхыир здынэскIэ, гупсысакIэкIэ, дуней тетыкIэкIэ зэхуэмыдэ бзаджэхъуэхэм я ролхэр уи фIэщ хьууэ, уигу ящIэгъуу, е лъагъумыхъуныгъэ яхууигъэщIу мэджэгу ар. Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ», Абу Умар и «Лъагъуныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ» тхыгъэхэр я лъабжьэу траха кинохэр хэт зымыплъэгъуар?! Абыхэм ФатIимэ гуимыхуэжу щыджэгуащ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

- ТЕАТРЫР щызимыIэж дакъикъэм сэр нэхърэ нэхъ насыпнишэ щIым тетынукъым, - къыддогуашэ ар.

Ижьырей зэманым театрым щагъэувахэм ящыщу балъкъэр тхакIуэ Ольмезов Мурадин и «Унэ лъапIэ» пьесэм ФатIимэ езым и цIэджэгъум и ролыр щигъэзэщIащ.

- Ди зэманымрэ ди цIыхухэмрэ хуабжу зыхуэныкъуэщ, игъуэгу ягъэувэ пьесэщ ар. Я нэпс кьекIуэрэ зэщIэгупсысыжу щIокIыжьк цIыхухэр я спектаклым еплъа нэужь. Адэ-анэмрэ абыхэм я щIэблэмрэ я зэхущытыкIэм, балигъ хъуа нэужь, быным я щхьэIуэхуэ зэрыдзэкIынфIэкIа, я нэхъыжьхъэм зэремыгупсысу лей зэрытрагъэхьэм теухуащ ар. Уеблэмэ, спектакль нэужьым я адэ-анэхэм я бжэ телефонкIэ псалъэуэрэ, абыхэм я Iуэху зытетым зыщызыгъэгъуэза куэд зэрыщыщIэр сощIэри, абы сегъэгуфIэ. Пьесэм и гупсысэ нэхъыщхьэр цIыхухэм я деж зэрынэтхъасфым ар и щIыхьэтщ. А спектаклым щызгъэзэщIа ролыр зыкIи спэгъунэгъукъым. Си дуней тетыкIэм кьыщхьэщIкI ролхэращ нэхъ къызэхъулIэр, уи зэфIэкIхэр кIызыкъуэпхыныжмкIи сэбэп хъур апхуэдизкIэращ, - жеIэ КIэхумахуэм.

ФатIимэ зыкъызэриумысыжьмкIэ, абы ищIа ролхэм ящыщу нэхъыфIу илъагъур иужьрейуэ игъэзэщIарщ. Тхьэмахуэ дэкIмэ, Къармокъуэ Мухьэмэд «Лъагъуныгъэм и къарур» и пьесэм къытращIыкIа спектаклым и премьерэ щыIэнущ. Илъэс 25-рэ ипэкIэ а спектаклым Дышэкl КIунэрэ ТIыхьужь Алийрэ щыджэгуу щытати, абыхэм я фэеплъу ар къагъэщIэрэщIэжащ.

Къэрмокъуэм и Iэдакъэ къыщIэкIа «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ» пьесэращ ФатIимэ зэхъыбгъу щIэрыIуэ зэщIари, дыщогугъ иджырейми апхуэдизу щытхъэрэ щIэупщIэрэ иIэну. А псом къыщыдыкIну, абы таурыхъхэм хэт лIыхъужьхэм я псэлъэкIэхэр хьэлэмэту егъэIу.

- Си лэжьыгъэмрэ си унагъэмрэ сахэдэн хуеИ Тхьэм симыщIкIэ. ЗэрысхуэзфIэкIкIэ, лъэныкъуитIри зэрызмыгъэныкъуэным яужь ситщ, - жеIэ артисткэм. - Си жей къэтми, гугъу сехьми, а тIури къызэхуэтыншэу зэрызэдзэсхьыным сыхущIокъу. Уи унагъуэр бгъэныкъуэу уи лэжьыгъэр зэфIэбгъэхьэкIэ мыхьэнэ иIэкъым. Пщэдджыжь къэс Къэрэгъэш сыкъокI. Гъуэгур кьыщызэхьэлIэхэм деж Москва дэсхэм зызолъытри (абыхэми зэманыщхуэ трагъэкIуадэ гъуэгум), сигурфIы сощIыж. Сытхъэусыхэркъым, тхьэусыхэрейхэри сфIэфIкъым. Си унагъуэм, гуащэ-тхьэмадэм си Iуэхур зэрызэрыздаIыгъым, сызэрызэхащIыкIым кьару мыкIуэщI къысхелъхьэ. ФIыуэ сльагъуэхэр схуэузыншэмэ, абыхэм я хэщIыныгъэ сымыльагъуу сыпсэужь, зэрызыгъэфIэщ. Адэрей псори, гугъу зебгъэхьмэ, пхузыIэрыгъэхьэнущ.

«ЦIыху гуфIэрейхэм я гум куэд щагъэпщкIу», - псалъэ пэжхэм зыщIыпIэ сыкъыщеджауэ щытащ. Сэ гъащIэр фIыуэ солъагъу, сыгуфIэну Iэмал сиIэу сынэщхьеинукъым. Сыкъэзэыхъуреихь цIыхухэм зэрызатезэмыгъэхъэлъэныя ящыщ ситщ. Мы гъащIэм си пщэ къыщыдзкуэ роль псори нэгъэсауэ зэгъэзэщIэну, лъэужьыфIэ сыхъуну сыхуейщ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

Бахъсэн щыщ баритон дахэ

Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш республикхэм щIыхь зиIэ я артист, хорым и дирижёр, композитор, уэрэджыIакIуэ Зеущэ Iэуес ди республикэми нэхъуэщI щIыналъхъэкI фIыуэ къыщацIыху. Ар ящыщщ лъэпкъ эстрадэм и лъагъуэ щыпхъызышьж зырызхэм.

Уэрэд 200-м нэблагъэ и Iэдакъэ къыщIэкIащ Iэуес. Ар ядолажьэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу Сокъур Ольгэ, Дауд Иринэ, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Ракитинэ Иринэ, Мамбэт Мадинэ, Батыр Мухьэдин, Ташло Алий, Хъупсырджэн Албэч, Теппеев Алим, «ИМАН» гупым, нэгъуэщIхэми.

Бахъсэн кьалэ дэт Щэнхабзэмкlэ уардэунэм и унафэщIу Iэуес илъэсиикIэ лэжьащ. ЦIыху мин 57-м щIигъу зыдэс кьалэм абы гуфIэгъэ зэхьихь куэд екIуу, нэгъуэжьжу къыщызэрегъэпсэу. Рок уэрэтIыныгъэми зыщIигъэжьащ Зеущэм Бахъсэн кьалэ. Мэршэнкъуэ Заурбэч зи унафэщI «Baksan» рок-гупыр куэдым фIыуэ ялъагъу. 2013 гъэм КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкlэ, Бахъсэн кьалэм Щэнхабзэмкlэ и уардэунэр республикэм щынэхъыфIкъэм ящыщщ.

Щэнхабзэм и лэжьакIуэм и махуэм ирихьэлIэу дэ упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ Бахъсэн кьалэм Щэнхабзэмкlэ и унэм и унафэщIым и кьуэдзэ Зеущэ Iэуес.

- Iуэху гъэщIэгъуэнхэр зэреегъэкIуэкIым сыщыгъуазэщ, Iэуес. Абыхэм я гугъу къытхуэпщIамэ арат.

- Сыт хуэдэ Iуэхущапlэми хуэдзу, дэри илъэсым тщIэнур дубзыхуауэ щытщ. Къапщтэмэ, зы илъэсым дауэдапщэу 150-м нэблагъэ идогъэкIуэкI. Абы къыщынэмыщIауэ, къэрал и мазхэшхуэхэм дыхэтщ, щыналъэм щыпсэухэм я нэгу зыдогъэужь. Хэгъуэгуэзхуэку, дунейпсо, республикэпсо фестивалхэм ди зэфIэкI щыдогъэлъагъуэ. Гъуэзджэр, цIыхубэм я Iэужь дахэхэр хьумэным, абы зегъэужьыным махуэ къэс долажь. ЦIыхухэр щэнхабзэ гъащIэм кьыхэтшэну ди мурад, Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр кьыдогъэсебэп. Нэгуэшыжь конкуртхэр, мазмазхуэ зэхьихьэхэр, зэпеуэхэр, псапащIэ Iуэхухэр, Щэнхабзэмкlэ унэм щылажьэхэр дызэдэIэпыкъуурэ, кьызыдогъэпщ. Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, зи Iэпхъпхъыр тэмэму къызыдэмыбзэм, зи ныбжь хэкIуэтахэм, бын куэд зыпI унагъуэхэм гулыитэ нэхъыбэ зэрахуэтщIыным яужь дитщ. ЖысIэну сыхуейт, кьыдэкIуэтей щIэблэм я творческэ зэфIэкIым зегъэужьыным дыдзэрыхуэнабдзэгубдзапIъэр. Щэнхабзэмкlэ унэм и творческэ гупхэу «Джэгуакlуэ», «Бахъсэн ауэ», Бахъуэ Бетlал и цIэр зезыхьэ цIыхубэ театрыр, «Багъуэ цIыкIухэр», «Модис» къэбардкIуэ янсамблхэр щIыналъэм, хэгъуэгум щекIуэкIа зэпеуэхэм мыззмытIэу къызыкIыжьаныкIащ. Апхуэдэхэщ «Iуащъхьамахуэ и щыгу щагъэзащIа къафэхэр» (2009), «Дон щыпсэу пIэпхъхэр унагъуэ зэгурыIуэщ» (Дон Iус Постов, 2009), «YALOVA FOLKLOR» (Тырку - 2012, 2014 гъ.гъ.), «Рампа Дружбы» (2010), Адыгэ щэнхабзэм и фестиваль (Адыгэ Республикэ, 2010), «Rock show in Baksan» (2013), «Nal-Rok» (2013) фестивалхэр, нэгъуэщI куэди.

Ди усакIуэ щэджащэ Щоджэнцыкlу Алий Хэку зауэшхуэм и зэманым Бобруйск деж зэрыщыхэкIуэдам куэд щыгъуазэщ. 2012 гъэм абы кьыщыщзэрагъэпэща дунейпсо фестивалым драгъэблагъэри зыкъыщыщдгъэлъэгъуащ.

- Лъэпкъым и пщэдейр зэлъыта щIэблэр щэнхабзэ Iуэхуэхэм къыфхуешалIэрэ?

- ЩIэблэм ядэлэжьэныр ди кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Бэрэбанэ, пшынэ еуэныжьмкIэ, лъэпкъ кьафэхэмкIэ, уэрэд жьIэныжьмкIэ гупжьейхэр диIэщи, куэй псори къокIуалIэ. УнэтIныныгъэ куэдыжьIэ дадолажьэ ди щIэблэм.

- Щэнхабзэмкlэ унэм и унафэщIу уэзрыщыта пIалъэм зэфIэзгъэкIа Iуэхуэхэм утезгъэпсэлъыхьынут.

- Щэнхабзэмкlэ унэм и пэш 13 зетхъащ, кьафэм зыщыхуагъаса пэшхэм я унэлъэгуэхэр, щхьэгъубжэхэр зэтхъуэкIащ, кьыззэгъэкIуэ зытесыну щэнти 140-рэ кьэтщэхуащ, бжэ 14 тхъуэжакIащ. Иджыри къэс ди кьаруркIэ унэр зэтетIыгъами, адэкIэ дыпэлъащыжьынуткъым. Бахъсэн кьалэ administрацэм и унафэщI Мамхэгъ Хьэчим и фIыгъэкIэ программэм дыхагъэхьащи, Щэнхабзэмкlэ унэр мыгувэу кьызыхуэтыншэу тхуэзэрагъэпэщыжьыну дыщогугъ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, дляжьыр гунэс ящыхъу цIыхуэр кьокIуалIэ.

- Иджыпсту уи лэжьыгъэр сытым нэхъ теухуа?

- УнафэщI кIуэлIкIым сытетхуу, Щэнхабзэмкlэ унэр зыхуей зорыхуэзгъэзэным, абы щылажьэхэм лей кьатезмыгъэхъэным яужь ситащ. Иджы си псэм хэлъ щэнхабзэм хуиту сыхуэлэжьэну Iэмал сиIэщи, зи гугъу фхуэсщIа мурадрэр догъэзащIэ, теуческэ гупсысэкэр гъащIэм хьдопщэ. Мы гъэм зи ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуэу композиторхэу Жырыкъ Заур, ХьэIупэ Джэбрэил, тхакIуэ Сонэ Абдулчэрим сымэ я пшыхь кьызэдгъэпэщащ. МафIащхьэтыхьри пасэрей адыгэхэм я хабзэм тету Iэтауэ дгъэлъапIащ.

Ди лэжьыгъэр зэредгъэфIэкIуэным яужь дитщ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, дызыхуеину Iэмэпсымэхэмкlэ ирикъуу дыкьызэрызэмыгъэпэщащ дельахъэ. Псалъэм папщIэ, видеонэтынхэр къызэрагъэлъагъуэ проектор дыхуэныкъуэщ. Ар диIамэ, ди пшыхьэр нэхъ гъэщIэгъуэн тхуэщIынут.

- Уэрэд куэд уи Iэдакъэ къыщIэкIащ. Пэтхъэр зызыхъуэж зэманым декIуу щытын хуейуэ къэзылъэтэхэри щыIэщ. Уэ зыдэбгъэшэрэ зэманым?

- Музыкэм иIэну гъащIэр елъытащ а упщIэм. Сэ кьызэрысщыхъуникIэ, си Iэдакъэщ зэхихэм зэманым и нэпкъыжьэ ятелъкъым, ахэр классикэ жыпхъэм нэхъ пэгъунэгъущ. Усэ кьыхэсхэри зытеухуар сыт хуэдэ лъэхъэнэми дызыгъэпIейтей Iуэхущ. Илъэсыщ Iэужьым теухуауэ, Мырзэ Залымджэрий и усэр и лъабжьэу, акапельпэ хорым иджыблагъэ уэрэд хуэстхащ. Залымджэрий и усэхэр газетым тету слъагъуи, макъупIэ зэщIэжьыуэкIэ уэрэд стхыну сигу кьэкIат. Апхуэдэу, Къардэнгъуэ Зырамыку жиIэу щыта уэрэдхэм селэжьыжьауэ къыдэзгъэкIыну согъэхьэзыр.

- ЛъагапIэ инхэр зыIэрызыгъэхьэфа, творческэ зыужьыныгъэ ин зыгъуэта цIыхум и хъуэпсапIэми сыщIэупщIэнут.

- ТворческIэм екъэла си мурад згъафIэхэр кьызэхьулIэну сыхуей. Совет зэманым уи гупсысэр гъащIэм хэплащIну куэдкIэ нэхъ тыншт, худоспеитыр хэпльэрти, Iуэхур утыку кьипхъэ хъуну кьалъытэмэ, кьыбдэIэпыкъурт. Иджы мылъку зиIэращ зи Iуэху дэкIыр.

Епсэлъар
ЩОМАХУЭ Залинэщ.

Зумакуловэ Танзиля - *КъБР-м и цIыхубз усакIуэ, РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат*

Теувэж СулътIан - *режиссёр, УФ-м гъэзджэхэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*

Бейтыгъуэн Сэфарбий - *тхыдэдж, тхакIуэ, публицист*

Тут Заур - *УФ-м, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Дагъыстэн республикэхэм я цIыхубз артист*

Пащты Герман - *УФ-м и цIыхубз сурэтыщI*

Котляровэ Марие - *УФ-м щэнхабзэмкlэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*

Хьэмыку Жаннэ - *актрисэ, КъБР-м и цIыхубз артисткэ*

Адыгэм и дыщэ макъ

ЛIэщIыгъуэ ныкъуэ нэблагъэкIэ уэзIэбзэкIыжрэ лъэпкъ гъуэзджэм и зыужьныгъэм урипльэжиI, абы си гущIэ хэзыльхьа уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэм я цIэхэр мымащIэу къипIуэфынущ. Ауэ абыхэм ящыщу классикэ уэрэд жьIэкIэр къэзыгъэIурыщIэфахэр закъуэтIакъуэхэщ. Эстрадэ уэрэд гъэзэщIакIэр щытепщ нобэрей зманым къыщIэкIащ, зи макъыр лъэщу, классикэ макъамэм хуэунэтIауэ зэтегъэпсыхьа-зэтеухуауэ щыIэр зырызыхъэщ. Абыхэм ящыщу Адыгеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я щIыхь зиIэ я артист Гуаэз Тимур. И лжьыгъэм, фIыуэ ильагъу IэщIагъэм, дянэкIи зыхуигъэувыж къалэнхэмрэ мурадхэмрэ ятеухуауэ иджыблагъэ абы депсэлъыIащ.

- Тимур, гъуэгуанэ дахэ, IэщIагъэ гъэщIэгъуэн къыхэзыхаху я гъащIэм зи лъагъуэ щхьэхуэ щыпхызышыж дэтхэнэ цIыхуми уепсэлъыпIэн щыхъукIэ, япэу зыщIэупщIапхъэр абы и къышIэдзапIэрэ. Уэрэд жьIэным сыт щыгъуэ гу хуэпщIат икIи хэт абы удригъэхьэхат?

- Сэ зызэрысщIэжрэ уэрэд жьIэоIэ... Сызэрыцыкlуурэ. Сыщалъхуа жьилэжьым - Тэрч щыналъэм хьыхьБотэщей къужьэм - и курыт еджапIэм сыщыщIэсым ерянэ гъэ еджэгъуэр къэдухьухукIэ музыкэмкIэ дерсхэм уэрэд щыжьисIащ, абы иужькIэ а предметым демыджэжу хуежьэри, си уэрэд жьIэнри тIэкIу нэхъ кIащхъэ хъуащ. Класс нэхъыжьхэм сыщыщIэсым уэрэджыIакIуэ сыхъуным сегупсысыжакъым, атIэ математикэмрэ информатикэмрэ фIыуэ сщIэрти, КъБКъУ-м и инженер-техникэ кьудамэм сыщIэтIысхьэну си мурадащ. Ди унагъуэкIэ щыгъэтауэ, лъэпкъкIи кIыгъэткъым макъамэр, уэрэд жьIэныр IэщIагъэ зыхуэхъуа, абыкIэ щапхъэ зытесхьини сыкъэзыхуреихьэм яхэтакъым -ар къызадалъхуауэ, сэ езым схэлъу сыкъэхъуауэ къыщIэкIынущ. АрщхьэкIэ зэфIэкI пхэлъынир мащIэщ, ар зыуэщIын, гъуэгуанэ щхьэхуэм ухуэзыхьэтIын гъащIэм ущримыкъэIэмэ...

- Мис а гъуэгуанэм утезышагъэм е абы утехьэнымкIэ сэбэп къыпхуэхъуахэм, уи япэ творческэ къэбакъуэхэм нэхъ гупсэхуу я гугъу уэзгъэщIынут.

- Курыт адэкIэ къэзуха къудейуэ, адэкIэ здэзэнэтIынур убзыхуа мыхъуауэ, зы махуэ гуэрым зэрымыщIэкIэ гъуэгум дыщызэрихьэлIауэ щытащ а лъэхъэнэм къызэIуахагъащIэ (илъэсиплI хъуэ арат зэрылажьэрэ) Кавказ Ищхьэрэм Гъэзджэкэмкlэ и Къэрал институтым и егъэджакIуэ Шэрыб Валерэрэ сэрэ. Дэ Тэрч щыналъэм хьыхьэ зэгъэнэгъуэ къуажэмтIым, сэ -Ботэщей, ар - Астемырей, дыщыщIи, зыхьэпэкIи дызэрыщIэдзапIэрэщ. Уэрэд жьIэныр сыт щыгъуэ, Абы и чэнджэщкIэ сыкъыщIэтIысхьащ езым щригъаджэ, иджы сэри нобэкIэ сыщылажьэ институтым. КъэпщытакIуэ гупым я пащхьэ щызгъэзэщIа адыгэ цIыхубз уэрэджыжьымрэ «По Дону гуляет казак молодой» уэрэдымрэ кьызэхуэлIауэ кьалъытат. Абы ипкъ иткIэ институтым щIэтIысхьэнухэр щагъэхьэзыр курсым сыкьащтэри, илъэситIкIэ сыщеджащ. ИужькIэ япэ курсым сыщIэтIысхьащ.

- Классикэ уэрэд жьIэкIэм дауэ хууэкIуа, псалъэм папщIэ, цIыхубз уэрэд гъэзэщIэкIэр къыхыумыхыну?

- Япэрауэ, си макъым классикэ Iуклэр, нэхъ тегъэчыныхьауэ жьилэмэ - «лирическэ тенор»-кIэ дызэджэр - езым пкъыршыпсыхьауэ пкърыт. ЕтIуанэрауэ, абы япэу гулъыэзытэу классикэ жьIэкIэм и лъагъуэм, сыхуей-сыхуэмейми, сыхуэзыцIынэтIар институтым и ректор Рахаев Анатолэщ. А лъэхъэнэм - 1996 гъэм - Нэхущ Чэрим и творчествэр зэфIэувагъащIэу, ар псоми я нэIурыт-я щапхъэу щытти, а лъагъуэм техьэ дэтхэнэ ныбжьыщIэри абы ещхь дыхъуну дыщIэхъуэпсырт. Ректорым и деж сыщIыхьэу цIыхубз уэрэд жьIэкIэр кьызэрыкъэхар щыжеIэм, «уэ узыхуейм уурагъэджэнущ» жиIэри сыкъыщигъэкIыжауэ щытащ, ауэ сызыхурагъэджар си макъыр зыхуэунэтIа классикэрщ. Иужькlэ, пIалъэ дэкIыжауэ, еджапIэри къэзухауэ, институтым уэрэд жьIэн гъэзджэжмкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэ нэхъыжь, зи нэIэ сыщIэту седжа, си макъыр псыхьныныжмкIэ зи гуащIэхуэ кьыззэхьэлIа КъуийцIыкIу Валерэ кьызэрызжиIэжамкIэ, сэ сыкъыщIэкIыжа нэужькIэ, ар ректорым ириджэри унафэ кьыхуищIат классикэ уэрэд жьIэкIэм тегъэпсыхьауэ сригъэжьэну. Нобэр кьызэдэми Рахаевым фIыщIэ хуэзощI си макъым гурыгъуаэзкIэ зэрыпхъплIыфам, си зэфIэкIыр здэунэтIыпхъэ лъэныкъуэм псом япэу гу зэрыльитам папщIэ. ФIыщIэшхуэ хуэфащэщ си егъэджакIуэ КъуийцIыкIу Валери.

- ЕджапIэр къэбуха нэужь уи творческэ гъэуагъэм дауэ зишэщIа? Япэ дыдэ дауэ утыку уихьа? Сыт бгъэзэщIа?

- Кавказ Ищхьэрэм Гъэзджэжмкlэ и къэрал институтыр къыщIэзуха 2001 гъэ лъандэрэ къэрал филармоническэ, сыщеджа институтым камернэ ансамблымрэ концертмейстер Iэзагъымкlэ и кафедрэм (2014 гъэ пщIондэ), уэрэд жьIэн и гъэзджэжмкIэ дирижированиемкIэ и кафедрэм (2014 гъэм къыщыщIэдзауэ нобэ къэсыху) сыщолажьэ. 2008 гъэм щегъэжьауэ Музыкэмкlэ къэрал театрым сриселистщ. Япэ дыдэу сызыхэтар Леонкавалло Руджеро и «Паяцы» оперэрщ.

- Нэхъ гукъинэж пщыхьэуауэ, нэхъыфI дыдэу плъагъуу сыт хуэдэ ролхэр, уэрэдхэр бгъэзэщIа? Иджыри бгъэзэщIэну узыщIэхъуэпсэ гуэрхэр щыIэ?

- Нэхъ гукъинэж сщыхъуахэм ящыщщ 2011 гъэм Адыгэ Республикэм крагъэблагъэу Нэжей Аслъан и «Уафэгъуагъуэ макъ» («Раскаты далекого грома») оперэм Хьэгъур и партиер зэрыщыгъэзэщIар. А оперэр зыхуатхар драматическэ тенорым и макъыр арат (сыссёйр лирическэ тенорщ). Апхуэдэу щытми, адэIуасэм и кьызэрысжьаIэжамкIэ, сыпэльэщащ. Ар кьызэхъулIауэ кьалъытэри, «Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъэпIэр кьыхуагъэфэщауэ щытащ. Апхуэдэу, Леонкавалло Руджеро и «Паяцы» оперэм Арлекин и партиер, Рахманинов Сергей и «Алеко» оперэм Цыджан щIалэщIэм и ролыр щызгъэзэщIахэщ, Чайковский Пётр и «Иоланта» оперэм щыщу Водемон и партиер згъэхьэзыращ. Нэхьыбэ дыдэу сызыщIэхъэпсыр композитор щэрыIуэ Верди Джузеппе и «Травиата» оперэм хэт Альфред и ролыр згъэзэщIэнри араща. Дызэрыт илъэсым ар ди театрым щагъэувыжьну мурад ящIащи, сыщогугъ а ролыр сэ кьыскIухуагъэфащэну.

- Мамхъамэм и сыт хуэдэ жанрхэр нэхъыфIу плъагъурэ, бгъэзащIэрэ? УэрэджыIакIуэхэм ящыщу хэт щапхъэзгъэлъагъуэу щыт уи дежкIэ?

- Уэрэдыр зыхъэзащIэм абы псэ хилъхьэмэ, ар кьежьулIэмэ, сыт хуэдэ жанрри дахэу утыку ирихьэфынущ, едаIуэхэм гунэс ящыхъун хуэдэу. Сэ, кьапщтэмэ, оперэм щыщ ариехэр, романсхэр, неаполитан уэрэдхэр, адыгэ цIыхубз уэрэдхэр, нэгъуэщIхэри бэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ я къэзоIэ. Зи уэрэд жьIэкIэр нэхъ зэпэщагъэ, зи макъыр нэхъ лъэщ дыдэу, абы хуэдэ иджыри куэдрэ къэмыхъужьну гунэс сщыхъур Паваротти Лучанэ и макъымрэ и уэрэдхэмрэщ. Ар икъукIэ зэфIэкI куу зыбгъэдэлъа цIыхущ.

- Адэкlэ уи лэжьыгъэ, IэщIагъэ и лъэныкъуэкIэ сыт хуэдэ мурадхэр, хъуэпсапIэхэр уиIэ? Щэху хэмылъмэ, уи творческэ гъащIэм и къэкIуэнум машIэу дыхэгъэгъуазэ.

- Сызыхэт лъагъуэм адэкIи пысщэну, уэрэдыщIэхэм, ролыщIэхэм зеспщытыну, къызэщIэкъуауэ жьIпIэмэ, сылэжьэну си мурадщ.

- Тхьэм къуигъэхъулIэ! Ди псалъэмакъым уэрэпхэтам папщIэ фIыщIэ пхузощI!

Епсэлъар
ХЬЭЖЭКЪУЭ Людмилэщ.

● Фэ фщIэрэ?

Щхьэцыр гъэдэхэн зэрыхуейр

Бзылъхугъэхэм сыт щыгъуи гулъытэ хэха хуащIу щытащ щхьэцым и теплъэм, и зэщIэкъуэкIэм. Философхэм ящыщ гуэрым жиIэгъащ цIыхубзыр зыгъэдахэр и щхьэцыр зэрызэщIэкъуа щыкIэр арауэ. АрагъэнкIи мэхъу. Ауэ къыхэгъэщыпхъэщ щхьэцым сыт щыгъуи укIэлъыплъым зэрыхуейр.

ЦIыхухъуэхэм къагупсысащ

ЦIыхубзхэм я щхьэцэкмкIэ загъэдахэу щытащ ди эрэм и пэкIи. Абы щыхьэт тохъуэ тхыдэм къыхэна суэтэхэр.

ЛIэщIыгъуэ къэс цIыхухэм я дуней еплъыкIэм, я хъуэпсапIэхэм елъытауэ зихъуэжу къоГуэугурыкIуэ цIыхубзым и щхьэцым и теплъэр. Ар зэрызэщIакъуэ, зэражь щыкIэм зихъуэжырт, цIыхубзхэм я дуней еплъыкIэм, яIыгъ диным, зытет модэм елъытауэ.

Щхьэцым гулъытэ хуэзыщIу щытар бзылъхугъэхэм я закъуэу къэзылъытэжэр щоуэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, щхьэцыр дахэу жьыныр, теплъэ зэмыщхь етыныр къэзыгупсысар цIыхухъуэхращ. Нэхъапэхэм цIыхубзэхэм загъэдэхэну, нэгъуэщIхэм зыкъыхагъэщэну, гу зэлъпагъэтэну къеззэгъыртэкъым. Абыхэмэ я къалэн нэхъыщхьэр унагъуэр зэрахъэныр, сабийхэр ягъэсэныр.

Щхьэцым кIэлъыплъыным ехьэлIауэ зэпкъ къэс я хабзэ яIэж хъуащ. Нэхъ пасэм щхьэц кIыхь, Iув птелъыныр яфIэдахэу щытащ. Апхуэдэ щхьэц зытелъын хуейуэ ябжри цIыхухъуэхрат, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ахэр нэхъ хахуэу, лЫгъэ нэхъ яхэлъу къальытэт. Бзылъхугъэхэри щхьэц Iувым, кIыхьым игъэдахэу ялъытэрти, щхьэцыр пIащIэми, парик зытралъхьэныр къызэрыгуэкIыу ябжу щытащ.

Парикыр къэзыгупсысар африканкэраеу хуагъэфащэ. Ар ящыкIи папщIэ псэущхьэхэм яцхэмрэ удзхэм я жэпкъымрэ къагъэсэбэпырт. Пасэрей мысырхэм я парикхэр я теплъэкIи къызыхэщыкIакIи адрейхэм къащхьэщыкIырт. Ар кIапсэ ухуэнамрэ лотосым и пкъымрэ къыхахыу арат.

Куэд къыбжиIэрт

Щхьэцым и зэщIэкъуэкIэмкIэ, и кIыхьагъымкIэ пхуэзэкъгъэкIырт цIыхуэ зыщыщ лакъуэр. Псалъэм папщIэ, пащтыхьхэм, пащтыхь гуащхэхэм я щхьэцхэр лъагэу яIэтырт, унэлутхэм, мэкъумэшыщIэхэм, зауэлIхэм я щхьэцхэр кьыхэзгъуэкIыу жьа къудейуэ арат.

Ину къэзэтауэ щхьэцыр зэщIэзыкъуэр мысырхэм я закъуэтэкъым, атIэ ассирийхэри къэжэрхэри ерыщт абыкIэ.

Пасэрей Алыджым щыпсэуахэм я щхьэцыр зэращI щыкIэр ящыгъ кIэстумхэр зэрызэтедзам ещхьт. Апхуэдэу, щхьэцыр ягъэщIэрэщIэн щхьэкIэ, абы хуагъэса унэIутхэри яIэт. Алыдж бзылъхугъэхэм я щхьэцхэм лентI зэмыцфэгъуэхэр халъхьэурэ къаIэтырти, ар нэхъ дахэжу ягъэщIэрэщIэжырт.

А лъэхъэнэм щхьэц хужьыфэхэрат модэм нэхъ къезэгъри, зи щхьэц фIыцIэхэми сырыхуу ираIэрт. Плъыфэм и закъуэтэкъым гулъытэ зыхуащIыр, атIэ Iэмал зэмыщхьэр къагъэсэбэпурэ хъыджвбзхэм я щхьэцхэр ягъэутIэрэзырт. Ар нэхъыбэрэ иIыгъын папщIэ сеткэ цIыкIу фIалъхьэрт.

● Пасэрей бзылъхугъэ цIэрыIуэхэр

Самурай цIыхубзхэр

Тхылъхэмрэ фильмхэмрэ къыщыгъэлъэгъуэжа япон самурайхэм ятеухуауэ зыкъыбар гуэр зымыщIэ щыIэу къыщIэкIынкъым. ЗауэлI хахуэу, гъэсэныгъэ яхэлъу, я нэмысрэ хабзэрэ яIэжу, абы тету псэуа лIыхъжьщ ахэр. Ауэ куэд щыгъуазэкъым цIыхубзхэри самурай гъэзгуанэм теувэу зэрыщытар.

КъыхэгъэщыпхъэщI, «самурай» псалъэр цIыхухъум ехьэлIауэ къыгъэсэбэпу, бзылъхугъэр самурай хъункIэ Iэмал имыIэу зэрыщытар. Нобэр къызэдэсым тхыдэджхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ къахуэхутакъым самурай цIыхубзхэм я щхэр, ауэ абыхэм зэрахьа лIыгъэмрэ къагъэлъэгъуа хахуагъэмрэ хъыбарыжьу яIэтэж.

Бусидон (самурай хабзэм) къызэрищтэмкIэ, самурай цIыхубзым и къалэн нэхъыщхьэу щытар и щхьэгъусэм ухуэпэжьныр, бынымрэ унагъуэмрэ бийм ящихъымэныр. Абы къыхэкIыу, апхуэдэ унэгуащхэр сытым дежи зыгуэр къытеуэным хуэхъэзырти, Iэщэр бжэ щIыхьэпIэм пэмыжьыжьэу яхъумэрт. Сумарай бзылъхугъэхэр зыхуэлажьэ, зэпха зиусхьэным хуэпэжу, сыт хуэдэ унафэ къыхуамышIами ар ягъэзащIэу, сыт хуэдэ Iуэху я пщэ хъыдамылъхьами и кIэм нагъэсу, цIыхухъуэхэм хуэдэу зэуэфу ягъасэрт, сыт хуэдэ Iэщэ лIэужьыгъуэми хуэIэкIуэлъакIуэт.

Самурайхэм къыхуащIа унафэр ямыгъэзэщIэфамэ, я напэр текIауэ къалъытэрти, я ныбэр сэкIэ зэгуапхъыжырти (сэппуку) заукIыжт. Ар хабзэм кьигъэуф тезырт, уи IэкIэ зыбукIыжыну хуит уащIамэ - пщIэшхуэ къыпхуащIу арат. Самурай цIыхубзхэми яхэлъащ а хабзэр, ауэ абыхэм я пщэрат сэр зыщIадзыр (дзигай). Абы и пэ кьихуэу, я лъакъуитIыр зэрапхыжырт - лIа нэужькIэ я ньэдэр кьекIуу, зэгъэзэхуауэ щыгъынын хуэдэу.

ЦIыхухъуэхэми хуэдэу, самурай цIыхубзхэри хуит яIэ ящIэжыну, я зиусхьэным кьимыдзжьа кьрапэсамэ, и напэр трахамэ.

Тхыдэм къыхэщыж апэ дыдэ самурай цIыхубзхэм ящыщщ Минамотэ Еритомэ сёгуным и щхьэгъусэ Масакэ. Ар цIыху Iущу, акъыл жану, хахуэу, лЫгъэ хэлъу щытауэ къаIуэтэж. И щхьэгъусэр щыпсэуми, къэрал Iэхуу зэрихуэу, сёгуным и чэнджэщгъуу щытащ, ауэ Еритомэ Масакэ дунейм ехыжа нэужь, къэралыр зезыхьар Масакэщ. Япониер а зэращ цIыхубз IэмышIэ зэрилъар.

Тхыдэм къыхэщыж самурай цIыхубз цIэрыIуэхэр:

1. Томоэ Годзэн (1157 - 1247), Минамотэ но Ёсинаки и щIасэ;
2. Ходзё Масакэ (1156 - 1225) Минамотэ но Еритомэ и щхьэгъусэ;
3. Хангаку Годзэн - зауэлI мини 3-м я дзэзешэу мини 10 ирикъу дзэм еэзуащ. Хангаку шабзэкIэ уIэгъэ ящIщ, гъэру яубыдри, Минамотэ сёгуным дежи яшащ. Абдежьм Асари Ёситэ хьэщIыкъ къыхуэхъури, сёгуным лъэIукIэ зыхуигъэзат пщащэр щхьэгъусэу кьиртыну. Апхуэдэу, Хангаку хахуэр жажалъм кьелауэ щытащ икIи Ёситэ дзкIуащ;
4. Наканэ Такэкэ (1847 - 1868) - Токугавэ сёгуным хуэлэжьащ. И зиусхьэныр яукIа нэужь быдапIэр зыхъумахэм яхэтащ, абыи щыхэкIуэдащ;
5. Ямакавэ Футабэ (1844 - 1909);
6. Ямамотэ Ёякэ (1845 - 1932).

ФЫРЭ Анфисэ.

● Хъуэхъухэр

ГъукIакъуэ Идар къыщалъхуа махуэщ нобэ - илъэс 22-рэ ирокъу

Куэдкlэ дызыщыгугъ, фIыуэ тлъагъу ди щIалэм Чехием университет къыщиухри, диплом кьратыжащ, иджы ар и Iэщlагъэкlэ режиссёрщ.

Зи псэр къабзэ, гумащIэ Идар лъэ быдэкIэ балигъ гъащIэм щыуваурэ къыдолъытэри, адэкIи узыншагъэ, дырэжгъуэ мыкIуэщI иIэу, нэхъыжьхэм я жьауэм щIэту, нэхъыщIэхэм я щапхъэу псэуну дохъуэхъу.

Идар, пщIэрэ щIыхьрэ зыхуэфащэ лъэпкъылIщ къыпхужьаIэу, уи Iэщlагъэм и хъер плъагъуу, уи пщIэм хэхъуэ зэпыту лъагапIэхэм унэсыну, уи щэнымрэ акъылымрэ санэхуафэр хуаIэтрэ цIыхугъэр кьыбдэбагъуэу, уи гум щыбгъафIэ мурадхэр кьоХъулIэрэ уи адэ-анэр, кьыбдалъхуахэр уэркIэ гушхуэу, насыпрэ беягъэкIэ гъэнщIа гъащIэ дахэкIэ дыпхуохъуапсэри, Тхьэм кьыббгъэдилъхьэ.

ФIыуэ укъэзылъагъу уи анэшхуэ Роззэ, уи адэшхуэ Мухьэмэд, уи анэ Лащэ, уи адэ Аслъэнбэч, уи адэ къуэш, адэ шыпхъухэу Аслъэн, Ритэ, Роситэ, уи къуэшхэу Алийбэч, Инал.

Арщыдан къуажэм щыщ, Налшык щыпсэу Бозий Джамболэт Алим и къуэр нобэ къыщалъхуа махуэщ, илъэсих ирокъури дохъуэхъу

Ди щIалэ гъэфIэным уи уафэр къащхъуэрэ уи щIылъэр щхъуантIэу, уи пщIэр лъагэрэ уи псэр кьабзэу, уи насыпрэ вагъуэр уэгум иту балигъ гъащIэм уХэуэвэну, адыгэлI нэс кьыпхэкIыну, уи нэхъыжьхэр уэркIэ гушхуэу, гуфIэгъуэр уи Iэпэгъуу упсэуну, гъащIэ дахэрэ насыпэ инкIэ Тхьэр къыпхуэупсэну дынохъуэхъу.

Уи Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

● ГушыIэхэр

Сыт къеузыр?

ЗэныбжьэгъуитI зэхуэзэуэ зыр адрейм иоупщI:
- Уигхъу гъэфIэныр дауэ щыт?
- Сымаджэщым щIэлъщ.
- Сыт кьеузыр?
- МашинэщIэ къыхуэсщэхуат...

Щыуагъэр езгъэлъагъунущ

Егъэджакlуэм:
- Пщэдей уи адэшхуэр къыздэшэ?
- Си адэра хъунщ узыхуейр, - жи еджакIуэм.
- Хьэуэ, уи адэшхуэращ.
- Сыт си адэшхуэр зэрыпщIынур?
- Уи адэм уи унэ лэжьыгъэхэм хищIыхь щыуагъэхэр езгъэлъагъунущ.

Стипендие къихьынукъым

Экзаменыр здекIуэкIым, егъэджакIуэр студентым иоупщI:
- Экзаменыр зищIысым ущыгъуаз уэ, щIалэ?
- Ар зы предметым теухуауэ цIыху губзыгъитI щызэпсалъэращ, - жи студентым.
- Пэжщ, ауэ а тIум языр акъылыншэмэщ? - щIоупщIэ профессорыр.
- Абы щыгъуэм етIуанэм стипендие къихьынукъым.

● Псалъэжьхэр

Тепсэр къытепхыжынщ

♦**Джэд нэхърэ джэдыкIэ нэхъ Iущщ.**
♦**ТIакъуэр закъуэ палъэщ, закъуэр щымыIэ пэлъытащ.**
♦**Джэду здэщымыIэм дзыгъуэ щоятэ.**
♦**Зы къэлэрри къэлэрищэри зэхуэдэщ.**
♦**Бзаджэ уи пашэмэ, бзаджэ ухуешэ.**
♦**Зы мафIэ хъуаскIэм жылэ псор къресыкI. Нэм илъагъур щхьэм и уасэщ.**
♦**Тепсэр къытепхыжынщ.**
♦**Уэсукхъуэр бзу цIыкIум кьегъэхъей.**
♦**Псэуным лъакъуибгъу щIэтщ.**
♦**ЗдэспIщIэ щIэхщи, здэсшэх Iэфщ.**
♦**Пэжьэнкlэ уашхэщ, шхэнкIэ дыгъужьщ.**
♦**ПхъэIэщэ виим здэдащтэмэ, щIыгулъ кьагъаазэ.**
♦**Лlы и къуэгъурэ вы и гъуррэ.**
♦**Зэбгъащlэр Iэщlагъэщи, умыщlэр Iэфщ.**

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1.** Егъэлеяуэ цIыху быда, нэпсей. **5.** Лъахъстэн вакъэ пIащIэ. **8.** «Эмирым и ...» - КIыщокъуэ Алим и роман. **9.** ЩIакхъуэ зэрагъэтэдж шыкIуртIым цIыкIу. **10.** Зауэм лIыхъужьыгъэ щызыгъэлъэгъуам ... лъапIэхэр кьратащ. **11.** Узыпхрымыплъыфэ хьэуа. **15.** Гъэм и зэман. **16.** Аруан районым хиубыдэ кьуажэ. **17.** Зиусхьэн лъэпкъ. **18.** Псыежэхыр зыдэт кьуакIэ. **20.** Афганистаным я щыхьэр. **24.** Бахъсэн щIыналъэм щыщ жылагъуэ. **25.** ГъукIэ Iэмэсымэ. **26.** Мэжджытым хэтщ ... джапIэ. **27.** Мусульманым игъэзэщIэн хуейуэ и пщэ дэлъ тхъэкуэдщIэ кьалэн. **28.** Тхьэв, хупщынэ зралъхъэ, пхъэм кьыхэщIыкIа кумбыгъэшхуэ. **30.** Аргъуей зэз, ... кхъуей. **33.** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием (университетым) и ректору щыта. **35.** ЦIыхубз ... хущанэ. **38.** ФIыуэ зэрыльэгъуаиIыр зэхуэзэвгъаззэ щIыху. **41.** Духьэ куэд зыщIа. **42.** Кавказым и дэнэ щIыналъи щыпсэу лъэпкъышхуэ, мелуан зыбжанэ хъууэ. **43.** Нысэ къызыхуаша унагъуэм ехъэхъу хабзэщ: «Къуэ быи-... Тхьэм фхуищI!» **44.** Адыгэми, балъкъэрми, Курыт Азиеми я Iуэрыпуэрэм ныхэщ цIыху щыгушIэрей. **45.** ... кьамыльхуам уанэ хузэщIумыльхъэ.

Къехыу: **1.** А унэцIэр зззыхьэхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубз усакIуэри ди республикэм и цIыхубз тхакIуэ-композиторри. **2.** Уафэм ... дрепхьей. **3.** Шоклым щадж предмет. **4.** ГъукIэ Iэмэсымэ. **6.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, апхуэдэ цIыхур щыту малIэ. **7.** Гуфlэгъуэ Iэнэм и нэхъыжь. **12.** Нарт хъыбарзэхэм кьызэрыщыщыкьымкIэ, Iэщщэм я тхьэ. **13.** ГъэшхэкI. **14.** Iэщым ирагъэшх гъавэхэкI. **18.** Хъущт Аслъэнбэч а къалэм щыхъащ олимп зэхьэззэхуэхэм я чемпион. **19.** Плъыр, къэрэгъул, ... **21.** Джэдкъаз. **22.** КъэгъэшыгъуафIэ. **23.** Гу кIуэм ... кьыкIэреуд. **29.** Гъатхэм пасэу ди щIыпIэм кьэльэтэж къуалэбзу. **31.** «Зыкъом», «зыбжанэ» псалъэхэр нэгъуэщIу зэрыжаIэ. **32.** Налшык къалэ щыкуэд къуалэбзу, уи лъабжьэм кьыщIэзэрыхьу. **34.** ПшахъуэщI. **36.** Псыежэхыр апхуэдизкIэ кьиуащи, ... зэтес щIигъэнэну кьыпфIощI. **37.** Топ джэгуныр яуха нэужь, щIалэ цIыкIуэхэр зэбгрыкIыжащ ... и унэ бжэн лъакъуэу. **38.** ГъущIэкI лъапIэ. **39.** ЦIыхубзыщIэ. Е ди къэралым щыIэ псыежэх нэхъ ин дыдэхэм ящрыщ. **40.** Дин Iэхуэкlэ Сауд Хьэрыпым кIуэуэ къэзыгъэззэжа цIыху.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



Гъатхэпэм и 18-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1.** Ныджэ. **2.** Къуэды. **4.** Гъашэ. **6.** Хьэрш. **11.** НэщIащэ. **13.** Дапхъэ. **14.** Шэрмат. **16.** Тхьэмпищ. **19.** Хьэмбылу. **26.** Гуэгуэн. **28.** Баш. **30.** Къэзэр. **31.** Мэлыжьхьэ. **32.** Вагъуэбаш. **35.** Псывз. **36.** Жэп. **37.** Индыл. **44.** Iуданэрэ. **47.** МэракIуей. **51.** Дамэкъуэ. **52.** Пъапси. **54.** НысащIэ. **55.** Джатэ. **56.** Журт. **57.** Нарт. **58.** Даур.

Къехыу: **1.** Нанэ. **3.** Дыд. **5.** Адэ. **7.** Гъашэ. **8.** Пщэм. **9.** Епэр. **10.** Сэмб. **12.** ЩIокъэ. **15.** ШIылэ. **17.** Пэж. **18.** Щай. **19.** Хьэкъ. **20.** Мэл. **21.** Пэгун. **22.** Бурш. **23.** Хьэгулывэ. **24.** ЛIакъуэлIэш. **25.** Уэлбанэ. **27.** Бжьынэ. **29.** Пшагъуэ. **33.** ГупкIэ. **34.** Блэр. **38.** Бжьэ. **39.** Афэ. **40.** Щам. **41.** КIуэр. **42.** Удым. **43.** Лела. **45.** Ныкъуэ. **46.** Лэпс. **48.** Акъыл. **49.** Едыдж. **50.** Хьэгъур. **52.** Лъыр. **53.** Ина.

Псалъэхэм къарыкIыр

● Хабзэм щыщщ

Жыджэрыбжьэ. ЩIыхьэхум епха хабзэщ. Мэз е мэкъушэж щыIыхьэху щащIам деж псом япэ и Iэхур зэфIигъэкIыу къэсьжа гущхьэIыгъым фадзбжьэ иратырт. Абы жыджэрыбжьэкIэ еджэу щытащ. Хабзэр кIэздыжащ.

Уэкъулэ. ЦIыхур къулейсыз дыдэ хъуамэ, шхынрэ фадэрэ зэригъэпэщырти, и ныбжьэгъу, и цIыхугъэ зыдэс кьуажэ кIуэрт, «уэкъулакIуэ сыкъэкIуащ», жиIэрти. Ар здэкIуам ефэ-ешхэ къызэIуихырти, и кьуажэгъуэр кьригъэблагъэрт. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми лъэIуакIуэ кIуам хуэзфIэкI тыгъэ кьыхуищIырт. Хабзэр кIуэдыжащ.

Мерклафэ. Уэкъулакlуэ нэгъуэщI кьуажэ кIуа цIыхум кьызэригъэпэщ ефэ-ешхэм мерклафэкIэ еджэрт. Апхуэдэу щIеджэри абы зы меркIэ из нэхърэ нэхъ мащIэ кьрат зэрымыхабзэр арауэ кьыщIэкIынут. Хабзэр кIуэдыжащ.

Мэрем мэкъуауэ. Илъэ зэманым щыIа хабзэщ. Кьуажэм кьулейсыз, щыхуэху лажьакIуэ зэрымыс унагъуэу, зи мэкъур пызымыупщIыжьыфу дэсхэм цIыхуэхэр зэхьэхьэурэ я мэкъур хупаупщIу щытащ. Ар мэрем махуэм ирагъэхьэлIэрти, абы щхьэкIэ мэрем мэкъуауэ фIащащ. Хабзэр здэщыIар Къарамэзэхьэлъэщ, иджы кIуэдыжащ.

Хэхашэ. Нысэ кьэзыша унагъуэм пхъэгъэсын къаригъэшэн папщIэ кьызэзригъэпэщу щыта щыхьэхум ящыщу лIы зыгъу хьэщIэхэм яригъажьэрт. Ахэр кIуэдыжащ.

ЩIыхьэху. Ижь лъандэрэ адыгэхэм яхэлъ хабзэщ. Зы цIыху гуэрым е унагъуэм кьыпэщылъ Iуэхур и закъуэ къарукIэ хуэзфIэмыгъэкIынумэ, и кьуажэгъуэм, Iыхьлы, благъэхэм яжриIэрти щIыхьэху ищIырт. ЗэдэIэпыкъуурэ Iуэхур зэфIагъэкIырт. ЩIыхьэхур нэхъ кьыщагъэсэбэпу щытар щIым щытелэжьыхьэм, унэ, псэуалъэ щащIхэм, цы щыгъуэхэм, дамыгъэтедзэхэм деж. ЩIыхьэхум хохьэ сыт хуэдэ здэдэпкъуныгъэри. Хабзэр иджыри щыIэщ.

ЩIыхьэху шхын. ЩIыхьэху зиIэ унагъуэм и гъунэгъуэхэм, благъэхэм, ныбжьэгъуэхэм кьыхуахь ерыскъым щIыхьэху шхынкIэ еджэрт.

Къуэкъэшхэн. Пщыхэмрэ уэрэхъэмрэ я хьэзабыр, тепщэныгъэр ямыдэу я щхьэхуитныгъэм щIэбэну пщыIыпIэм яфIыукIыж цIыхуэхэм къулъкъэшхъэнкIэ еджэу щытащ.

Шупежьэ. НэгъуэщI лъэпкъым кьыхэкIа хьэщIэ лъапIэ къуажэнщым кьыщыхуэкIуэм деж абы хьэщIар кьрагъащIэрт. Къуажэнщым езым и дарэжэгъуэм ящыщу лIы зыгъу хьэщIэхэм яригъажьэрт. Ахэр кьуажэ кьыдыхьэпIэм деж хьэщIэхэм щаIущIэрти, кьуажэнщым деж кьащэрт. Аращ шупежьэкIэ зэджэу щытар.

ХьыбарегъащIэ. ХьэщIэ егъэблагъэкIэщ. Пщыр хьэщIэу ехьэм хуэдэнщым деж щыкIуэкIэ, зы щIалэ япэ иригъэщырти, зыхуэкIуэ пщым деж хьыбарегъащIэ игъакIуэрт. А зыхуэкIуэ пщыми шу зыгъу шупежьэкIэ еджэу къапригъажьэрти, хьэщIэхэр ирагъэблагъэрт.

Унагъуэ тегуашэ. ХьэщIэ егъэблэгъэкIэм щыщ хабзэщ. Кьуажэдзэ гуэрым хьэщIэ куэд кьыхуэкIуагъэ щигъэхьэщIэнрэ здигъэгъуэлъынрэ кьемэщIэкIмэ, нэхъ хьэщIэ лъапIэхэр ещхьэщIэрт, адрейхэр и гъунэгъуэм деж ишэрти щигъэхьэщIэрт. Апхуэдэуи зыгуэрым хьэщIэ куэдыIуэ кьыхуэкIуамэ, и гъунэгъуэхэр кIуэрти хьэщIэхэр зэбграшырт.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщlэныдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэз.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщlапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхуэ IапIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдэжкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; суэтэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэрэ зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху ептыыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъу КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ IапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **Жьэкlэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), компьютерклэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дот Маринэ, Нэр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *суэтэхэм елэжьар* **Бицу Жаниэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рц.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.711 ● Заказ №354